



Prensip Asistans Finansyè Pou Mayo Clinic Hospital, Jacksonville, Florida

Selon 501(r) nan Prensip Kòd Revni

Entèn nan

Mayo Clinic Hospital - Florida devwe li pou ofri bon kalite swen bay kominate l ap sèvi a ak pasyan ki gen pwoblèm finansyè yo ladan. Epi tou li ofri asistans finansyè pou sa yo ki gen yon bezwen ki deja etabli pou resevwa swen medikal ak sèvis lopital ki nesesè pou rezon medikal. Anplis asistans finansyè nou ofri selon kondisyon nan Prensip sa a, Mayo Clinic ofri lòt asistans bay pasyan tankou asistans finansyè pou sèvis yo pa bay nan yon lopital.

Nou dekri sa Mayo Clinic Hospital - Florida kapab fè an ka yon pasyan pa ta peye nan Prensip Pou Mande Touche ak Kolekte Lajan Mayo Clinic la. Pou jwenn yon kopi gratis prensip sa a, vizite sitwèb www.mayoclinic.org/financialassistance oswa rele nimewo 1-844-217-9591, lendi jiska vandredi, 8:00 a.m. jiska 5:00 p.m. Lè zòn lès.

Avan Mayo Clinic Hospital - Florida aji yon gwo fason pou kolekte lajan yo dwe li, l ap fè yon efò rezonab pou chèche konnen si yon pasyan kalifye pou asistans finansyè daprè prensip sa a.

Rezon nou gen prensip sa a

Prensip sa a la pou etabli ak garanti gen yon metòd san patipri ki trete tout pasyan ki pa gen asirans oswa ki gen yon ti kras pwoteksyon asirans menm jan an, tout tan, ak pou konsidere bay yo asistans finansyè pou swen lopital ijan ak lòt swen ki nesesè pou rezon medikal. Nou ta renmen ou konnen se pa tout sèvis Mayo Clinic Hospital - Florida ki kalifye pou asistans sou Prensip sa a. Asistans finansyè kapab swen ki gratis oswa ak yon rabè selon kantite lajan ak byen moun ki rete nan kay la genyen epi ou oblje pataje enfòmasyon sa yo nan pwosesis aplikasyon an. Asistans finansyè se yon rabè sou frè total pou sèvis lopital ou te resevwa ak yon rabè k ap omwen 65% pou moun yo deside kalifye pou asistans finansyè nan Mayo Clinic Hospital - Florida.

Definisyon mo yo

Aplikan: pasyan oswa lòt moun ki responsab pou peye pou swen pasyan k ap chèche asistans finansyè a.

Peryòd Aplikasyon: kòmanse dat pasyan an resevwa swen medikal la epi fini 240 jou apre yo voye dokiman pou mande li peye lè li soti lopital la oswa 30 jou apre lopital la oswa konpayi endependan ki gen otorizasyon an ap voye yon avi ekri pou fè konnen lopital gen plan pou kòmanse pran gwo aksyon pou kolekte lajan an, sa ki vini pi ta a.

Move dèt: pri pou bay swen pou moun ki gen mwayen men ki pa gen volonte pou peye tout oswa yon pati nan lajan yo mande pou peye pou sèvis medikal yo responsab.

Asistans Finansyè: pri pou bay swen gratis oswa ak yon rabè pou moun ki pa gen mwayen pou peye tout oswa yon pati nan lajan yo mande po peye pou sèvis medikal lopital yo selon règ ki evalye kimoun ki kalifye daprè Prensip sa a. Mayo Clinic Hospital-Florida kapab deside yon moun pa gen mwayen pou peye avan oswa apre li resevwa sèvis ki nesesè pou rezon medikal.

Frè Total: se tout pri ki etabli pou swen medikal yo bay pasyan yo.

Swen Ki Nesesè Pou Rezon Medikal: Sèvis oswa pwodwi swen sante yon doktè ki pridan t ap bay yon pasyan pou anpeche, detekte, oswa trete yon maladi, chòk oswa sentòm li nan yon fason ki:

- Respekte nòm pratik medikal yo jeneralman aksepte;
- Medikalman apwopriye pou tip, kantite fwa, degre, sit ak dire maladi a; epi
- Pa plis pou plan sante ak moun k ap achte yo fè lajan oswa pou rann l pi fasil pou pasyan an, doktè k ap bay tretman an, oswa lòt pwofesyonèl swen sante.

Balans Pou Pasyan ki Pete Pou Tèt yo: se kantite ou dwe yon pwofesyonèl swen sante oswa lopital apre yo te ba ou sèvis apre ou fin itilize tout lòt chwa pou peye oswa metòd pou ranbousman.

Pwofesyonèl Swen Sante Ki Kouvri Sou Prensip sa a

Tout pwofesyonèl swen sante k ap travay pou Mayo epi k ap bay swen nan Kanpis Mayo Clinic Hospital - Florida kouvri sou prensip sa a.

Kondisyon Pou Kalifye Pou Asistans Finansyè

Eligibility for Financial Assistance requires the complete cooperation of the applicant during the application process, including:

1. Ranpli pwosesis pou mande tout asistans ki disponib, tankou Asistans Medikal oswa Medicaid, epi siyen yon fòm otorizasyon ak kondisyon sou sèvis pou bay Mayo Clinic Hospital pèmisyon pou soumet reklamasyon;
2. Ranpli aplikasyon pou asistans finansyè a ansanm ak tout dokiman ki nesesè ladan;
3. Ranpli kondisyon pou revni fanmi a fè chak ane ak kantite moun nan fanmi a ki etabli nan Gid Pòvrete Federal ane fiskal avan an; yon ajisteman 65% balans pou aplikan ki peye poukонт yo epi ki gen yon revni fanmi jiska 400% Gid Pòvrete Federal la; yon ajisteman 100% pou aplikan ki peye poukонт yo epi ki gen yon revni fanmi ki egal a 200% oswa pi piti Gid Pòvrete Federal la; epi
4. Demontre li pa gen mwayer pou peye pou sèvis yo selon tout byen li gen disponib.

Mayo Clinic Hospital-Florida gade dwa li pou refize bay asistans finansyè pou moun ki oblige pran yon pwoteksyon asirans sante men chwazi pa fè sa oswa moun ki refize pwoteksyon asirans, tankou plan asistans gouvènman, pou rezon relije. Anpil aplikan pa rann kont yo kapab kalifye pou plan asistans piblik oswa yo pa te aplike pou plan sa yo.

Mayo Clinic Hospital-Florida kapab konsidere peye yon prim COBRA pou yon ti tan si yo t ap apwouve yon pasyans pou asistans finansyè menmsi li pa te genyen li. Mayo Clinic Hospital-Florida gade dwa li pou refize asistans finansyè si yon aplikan pa kolabore ak Mayo Clinic Hospital-Florida nan tout pwosesis la epi bay tout dokiman ki nesesè pou peman prim COBRA.

Mayo Clinic Hospital-Florida fè tout efò rezonab pou touche nan men konpayi asirans oswa nenpòt lòt konpayi endepandan ki la pou peye.

Mayo Clinic Hospital-Florida gade dwa pou anile asistans finansyè epi al dèyè ranbousman oswa koleksyon ki apwopriye si yo dekouvrí nouvo enfòmasyon, tankou aplikan an gen pwoteksyon asirans oswa li te touche pou sèvis la oswa te fè yon reklamasyon pou chòk pèsònèl ki asosye ak sèvis li te resevwa a. Tout peman Mayo Clinic Hospital-Florida resevwa apre asistans finansye apre yo fin bay asistans finansyè ap lakòz nou anile kantite ki ajiste a pou regle rès balans moun nan gen pou peye poukонт li a san li pa bezwen gen yon rès balans lajan li dwe oswa yon rès balans kredi.

Pasyan ki resevwa swen nan Depatman Ijans la epi li pa gen lajan kapab kalifye pou asistans finansyè si li p ap travay oswa pa gen yon adrès pèmanan oswa pwoteksyon asirans. Pasyan ki nan gran bezwen epi ki pa ka jwenn dokiman pou aplikasyon ki nesesè yo kapab toujou kalifye pou asistans finansyè.

Pasyans ki kalifye pou asistans finansyè sèvis davans yo dwe demontre yo gen mwayer pou bay oswa kontinye ak nenpòt swen alontèm ki nesesè pou sante ak byenèt yo jan kondisyon yo te gen okòmansman an oswa ekip swen yo a mande.

Menm si Mayo Clinic Hospital - Florida ofri asistans finansyè li pa oblige kontinye bay swen; men, Mayo Clinic Hospital- Florida kapab itilize pwòp ijiman l pou deside kontinye bay sèvis ak sipò ki nesesè ou rezon medikal epi ki pa disponib yon lòt kote. Pasyan yo kapab oblige re-aplike pou asistans finansyè omwen chak 180 jou.

Mayo Clinic Hospital-Florida ak afilye li yo kapab pataje enfòmasyon sou Asistans Finansyè pasyan yo atravè sit ki afilye ak Mayo Clinic pou rann li pi fasil pou jere Asistans Finansyè pasyan k ap resevwa swen plizyè kote. Nou p ap pataje okenn enfòmasyon deyò Mayo Clinic amwenske nou gen otorizasyon oswa lalwa egzije sa.

Metòd Pou Aplike Pou Asistans Finansyè

Nou ofri asistans finansyè swa nan yon pwosesis aplikasyon oswa si pasyan an kalifye pou Asistans Medikal oswa lòt asistans piblik pou moun ki nan bezwen.

Pwosesis Aplikasyon an

Aplikan ki vle aplike pou asistans finansyè yo kapab swa mande yon fòm aplikasyon oswa telechaje ak enprime fòm aplikasyon pou asistans finansyè a gratis. Mayo Clinic Hospital-Florida ap kontakte aplikan ak aplikasyon ki pa konplè yo epi di yo dokiman oswa enfòmasyon yo bezwen pou fini ak pwosesis aplikasyon an epi y ap bezwen bay yo nan yon delè 30 jou. Mayo Clinic Hospital-Florida gade dwa li pou refize bay asistans finansyè si nou pa resevwa aplikasyon an nan Peryòd Aplikasyon an.

Anplwaye Sik Revni Mayo Clinic Hospital-Florida an ap revize aplikasyon an epi pran yon desisyon sou ki asistans finansyè n ap bay. Pwosesis pou revize aplikasyon an kapab pran apeprè 30 jou. Kou nou fin pran yon desizyon pou asistans finansyè, n ap voye yon lèt bay aplikan an pou di li desizyon an.

Applications for financial assistance are available at no charge at the following website:

www.mayoclinic.org/financialassistance

Gen aplikasyon pou asistans finansyè disponib gratis nan sitwèb sa a:

Mayo Clinic Hospital, Jacksonville, Florida Patient Account Services
4500 San Pablo Road
Jacksonville, FL 32224
Attn: PFS Inquiries

Aplikasyon yo disponib tou nan Biwo Admisyon, Sèvis Komèsyal ak Depatman Ijan Mayo Clinic Hospital - Florida .

Prensip Asistans Finansyè a ak asistans aplikasyon an disponib nan:

Pòtay sekirize pasyan an lè ou vizite www.mayoclinic.org epi chwazi Log Into Patient Account (Konekte Sou Kont Pasyan) nan paj prensipal la. Epitou ou kapab rele 1-844-217-9591 oswa vizite yon biwo komèsyal:

Mayo Clinic — Davis Building
Mayo Clinic Hospital, Jacksonville, Florida
Mayo Building, 4500 San Pablo Road, Jacksonville, Florida

Kòman Nou Kalkile Kantite Pasyan Peye

N ap mande tout pasyan ki kantite pou peye selon total kantite frè a; men rès pasyan ki peye poukонт yo ap kalifye pou asistans finansyè a ap sèlman kantite nou konn jeneralman mande peye [Amount Generally Billed (AGB) an angle] pou moun ki pa gen asirans pou peye pou swen sa a. Mayo Clinic Hospital-Florida itilize yon metòd kote nou gade dèyè pou kalkile AGB. Pou fè sa nou divize kantite frè Medicare a pèmèt pou sèvis ak konpayi asirans sante komèsyal ak prive pa frè total la. Kantite yon pasyan sipoze peye nan pòch li ap sèlman pouvantaj AGB total frè a si nou deside pasyan an kalifye pou asistans finansyè. Peman asirans ak peman pasyan oswa aplikan an mete ansanm gendwa depase AGB a.

Moun ki bezwen plis enfòmasyon sou AGB Mayo Clinic Hospital - Florida ki ekri epi gratis kapab swa rele 1-844-217-9591 oswa pran AGB Mayo Clinic Hospital - Florida ak enfòmasyon sou kalkil AGB a sou sitwèb nou nan adres www.mayoclinic.org/financialassistance.

Sèvis Ijan

Mayo Clinic Hospital-Florida ofri egzamen depistaj medikal ak swen ijan pou ede pasyan yo vin estab kèlkeswa kapasite yo pou peye epi yo fè sa annakò ak Lwa Sou Tretman Medikal Ijan ak Travay la [Emergency Medical Treatment and Labor Act (EMTALA) an angle]. Mayo Clinic Hospital-Florida entèdi yo fè nenpòt bagay pou dekoraje moun al chèche swen pou ijans epi li pa kolekte lajan nan Depatman Ijans la.

Menm Opòtinite Pou Tout Moun

Mayo Clinic Hospital-Florida devwe li pou respekte plizyè lwa federal ak eta yo ki anpeche diskriminasyon ki base sou ras, sèks, laj, reliyion, orijin nasional, eta sivil, oryantasyon seksyèl, andikap, sèvis militè, oswa nenpòt lòt klasifikasyon ki gen pwoteksyon lwa federal, eta oswa lokal.

Konfidansyalite

Anplwaye Mayo yo ap respekte vi prive ak diyite chak pasyan. Mayo Clinic Hospital-Florida ak anplwaye li yo ap respekte egzijans HIPAA nan fason pou trete enfòmasyon medikal, sante, ak finansye pasyan yo.